



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 600 EKZÈSIS KOLEKTIF KONT TEWORIS
ATRAVÈ NEW YORK**

Biwo Kont Teworis Eta a (State Office of Counter Terrorism), Lapolis Eta (State Police), Manm Fòs Entèkansyon Teworis Kolektif FBI lan (FBI Joint Terrorism Task Force) ak Fòs De Lòd Lokal yo Te Òganize Fòmasyon nan Biznis ak Òganizasyon yo an 2016

“Operasyon Sofgade” (Operation Safeguard) an Favorize Sekirite nan Ankouraje Rapòte Byen Bonè Aktivite Ki Sispèk yo pa Biznis yo, Òganizasyon yo ak Piblik lan

***Direktiv Eta Nan Eta 2016 Gouvènè an Asire Preparasyon pou Menas Teworis
21^{yèm} Syèk yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Biwo Kont Teworis Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York lan (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services Office of Counter Terrorism) te konplete plis pase 600 "Operasyon Sofgade" kont ekzèsis teworis ane sa nan biznis ak òganizasyon yo atravè eta a pou teste pwogram rapò aktivite ki sispèk yo an ak kont plan teworis yo.

An repons a atak teworis 2015 lan nan vil Paris ak San Bernardino, Gouvènè Cuomo te òdone Biwo Kont Teworis eta a pandan Diskou Eta nan Eta 2016 lan pou ogmante kantite ekzèsis yo atravè New York, pou kapab detèmine si divès biznis te detekte aktivite ekzèsis ki sispèk ki pa't anonse an epi te rapòte li rapidman bay fòs de lòd yo.

“Pwoteje Nouyòkè yo se premye priyorite nou, epi nou dwe fè tout sa nou ki nan pouvwa nou pou asire sekirite fas a menas teworis 21^{yèm} syèk yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou bezwen pou piblik lan jwe yon wòl aktif nan ede pwoteje tout Nouyòkè yo nan rapòte nenpòt aktivite ki sispèk bay fòs de lòd yo, epi ekzèsis sa yo enpòtan anpil pou kapab asire ke biznis yo rete vijilan epi rapòte konpòtman inabityèl yo.”

Pandan ane 2016 lan, manm Fòs Entèkansyon Teworis Kolektif FBI lan, Lapolis Eta New York lan, cherif konte yo, ak depatman lapolis yo te fè patenarya ak pèsònèl Biwo Kont Teworis eta a pou kapab planifye epi ekzekite inisyativ san presedan sa atravè eta a. An total, prèske 100 ajans fòs de lòd yo ak 300 pèsònèl atravè Eta a te sipòte jefò sa. Kòm yon rezilta òdonans Gouvènè an, ekzèsis yo ki anvan te òganize sèlman nan 16 Zòn Kont Teworis nan New York yo chak ane, yo pral kounye a òganize nan tout zòn yo atravè eta a chak ane.

Baze sou anviwònman ak entelijans menas aktyèl lan, pèsonèl fòs de lòd ak sekirite enteryè an sekre yo te vizite plis pase 600 lokalite soti depi nan Buffalo pou rive Long Island. Nan chak biznis, pèsonèl yo te mennen aktivite ki sispèk tankou chèche divès konpoze chimik ak konpozan yo ke yo konn itilize nan materyèl eksplozif ki enpwovize yo, pou kapab detèmine si yon biznis te detekte aktivite abominab lan epi te rapòte li. Apre chak vizit, patnè sekirite enteryè yo, federal, leta ak lokal yo te diskite sou rankont yo ak chak lokalite pou mansyone aksyon pozitif yo ak zòn amelyorasyon yo.

Ekip fòs de lòd yo te vizite yon gwo varyete lokalite ak biznis yo, soti depi nan sa ki pi riral yo pou rive nan zòn ibèn ki pi laj yo atravè eta a, ki enkli espas rasanbleman an mas yo tankou estad yo, arèn yo, sant komèsyal yo, konpayi lokasyon kamyon yo, kolèj ak inivèsite yo, enfrastrikti transpò yo, ak lòt lokalite piblik yo ke teworis yo kapab vize. Manm ekip yo te òganize ekzèsis tou nan aktivite yo tankou Gwo Fwar Eta New York lan pandan sezon ete sa. Nan plizyè enstans, yo te rapòte aktivite an rapidman epi ak prezisyon, epi lè yo pa't rapòte aktivite an, manm ekip yo te byen resevwa edikasyon swivi yo, epi yo pral pwobableman rapòte yo bay fòs de lòd yo nan fiti.

Fòs de lòd yo te vizite biznis, tankou magazen materyèl yo, magazen zam yo, gwo machan an detay yo ak biznis yo ki ap vann konpoze chimik oswa konpozan yo ke yo konn itilize nan konstwiksyon materyèl eksplozif ki enpwovize yo, tankou bonm recho a presyon yo ak bonm pip yo, ke yo te itilize nan eksplozyon Septanm 2016 yo nan New York ak New Jersey. An plis, ekip sa yo te teste endistri lojman ak otèl yo ki baze sou premis lan ke sila yo ki gen entansyon abominab yo kapab itilize yon chanm kòm baz operasyon pou planifye atak fiti yo oswa estoke materyèl yo.

John P. Melville, ki se Komisè, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York lan (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services), te deklare, “Ekzèsis an tan reyèl ki pa't anonse yo ba nou yon opòtinite pou wè si biznis yo reyaji a aktivite inabityèl oswa ki sispèk yo, epi si yo rapòte li rapidman bay fòs de lòd yo. Pandan ane pase an, nou te remake anpil ekzanp pozitif de anplwaye biznis yo ak piblik lan an jeneral ki te rapòte aktivite ki sispèk ke yo te temwen nan aktivite nou yo bay fòs de lòd yo. Mwen aplodi vijilans yo, epi mande tout sitwayen yo pou yo rete alète epi atantif sou sa ki alantou yo.”

George P. Beach II, ki se Sipè-entandan Lapolis Eta a, te deklare, “Edike biznis ak piblik lan sou kijan pou detekte aktivite ki sispèk yo epi enfòme fòs de lòd yo, sa se yon pati enpòtan nan pwoteje kominote nou yo kont menas teworis yo. Ekzèsis sa yo ba nou enfòmasyon vital ki pral ede nou enfòme piblik lan pi byen, epi ilistre jan li enpòtan anpil pou biznis yo ak piblik lan rete vijilan epi rapòte menas potansyèl yo.”

Andrew W. Vale, ki se Ajan Espesyal An Chaj, Biwo Federal Ankèt (Federal Bureau of Investigation) nan Albany, te deklare, “Eksperyans te montre nou ke fòs de lòd ak kominote nou yo dwe travay ansanm pou idantifye aksyon yo ki kapab enplike aktivite ki an rapò ak teworis. Nou te wè plizyè enstans kote enfòmasyon ke piblik lan te bay yo te kondwi a idantifikasyon moun ak pètibasyon aktivite kriminel yo. Plis nou kapab edike piblik lan epi teste pwotokòl yo, se plis kominote nou yo pral pi sekirize. Mwen ankouraje piblik lan rete vijilan epi avize fòs de lòd yo de nenpòt aktivite ki sispèk.”

Margaret Ryan, ki se Direktris Ekzekitif Asosiyasyon Chèf Lapolis yo nan Eta New York (New York State Association of Chiefs of Police), te deklare, “Chèf Lapolis yo ak ofisye fòs de lòd yo ap travay ansanm pou fè Eta New York vin pi sekirize chak jou. Lè nou travay men nan men ak kominote nou an ak patnè biznis nou yo atravè Operasyon Sofvag lan, sa ap amelyore pwoteksyon sa epi retounen ranfòse tout moun kòm yon pati nan kanpay ‘*See Something, Say Something*’ lan .”

Peter R. Kehoe, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Cherif Eta New York (New York State Sheriffs’ Association), te deklare, “Ekzèsis enpòtan sa yo se de gwo ekzanp sou kijan ajans fòs de lòd federal, leta ak lokal yo te rasanble ansanm depi 11-9 pou kapab ede pwoteje pwoaktivman tout sitwayen nou yo kont menas teworis yo. Aktivite resan yo nan peyi sa ak aletranje te montre nou kijan li nesèsè pou nou rete vijilan. Nou gen anpil chans nan New York dèske nou genyen yon Gouvènè ak yon Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans ki mete yon gwo priyorite konsa pou mentni vijilans pami sitwayen nou yo.”

Atak ak konspirasyon teworis yo, atravè nasyon an ak aletranje, ranfòse responsabiltè ki pataje pou tout Nouyòkè yo pou ede kenbe eta a an sekirite. Yon apèl telefòn de yon sitwayen ki an alèt oswa yon anplwaye nan yon biznis ki temwen yon aktivite ki sispèk, yo kapab alète fòs de lòd yo de yon konspirasyon teworis ki ap prepare.

Nenpòt moun kapab rapòte aktivite ki sispèk yo nan Liy Konsèy Teworis Eta New York lan lè yo rele 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697), oswa kòm yon foto oswa yon nòt alekri apati aplikasyon mobil [SeeSend](#) lan. Vizite [Sofgade New York](#) pou kapab enfòme sou kijan pou detekte aktivite ki sispèk yo, menm jan ak kanpay “See Something, Say Something” eta a.

Enfòmasyon sou Biwo Kont Teworis

Administre pa Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan, [Biwo Kont Teworis \(Office of Counter Terrorism\)](#) lan sipòte jefò federal, leta, lokal, tribal ak sektè prive yo pou anpeche, pwoteje kont epi prepare kont aksyon ak menas teworis yo. Biwo Kont Teworis lan se pa yon ajans fòs de lòd, men li travay de prè ak Lapolis Eta New York lan ansanm ak lòt ajans sekirite prive ak fòs de lòd yo nan batay kont teworis lan.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans \(Division of Homeland Security and Emergency Services\)](#) lan ak kat biwo -- Anti-teworis (Counter Terrorism), Jesyon Ijans (Emergency Management), Prevansyon ak Kontwòl Dife (Fire Prevention and Control), ak Kominikasyon Entèwoperab ak Ijans li yo (Interoperable and Emergency Communications)-- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou prevni, pwoteje, prepare, reponn, epi rekipere kont atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#), swiv [@NYSDHSES](#) sou [Twitter](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418